



Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE RESOUS NAN REJYON MID-HUDSON VALLEY
AK LONG ISLAND ALAVANS GWO TANPÈT KOTYÈ PANDAN WIKENN SA A**

***Sant Operasyonèl Rejyonal nan Rejyon Mid-Hudson Valley ak Long Island lan yo
pral Aktive Samdi a 6 zè a.m.***

***Sant Operasyon Ijans Eta yo pral Aktive Samdi a 6 zè a.m. pou Kontwole Enpak
yo Toupatou Atravè Eta a***

***Yo Pibliye Avètisman pou Inondasyon Kotyè pandan Samdi Maten rive nan
Aprèmidi, Alèt sou Van sou Zòn Kòt la yo, Avètisman Gwo Van Vyolan
pou Twin Forks Long Island***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse deplwaman resous ak anplwaye adisyonèl pou al nan rejyon Mid-Hudson Valley ak Long Island lan yo alavans tanpèt kotyè ki pral avanse nan eta jodi a epi l ap rete pandan pifò wikenn lan, l ap pote lapli, nèt sou mòn yo ak rafal van. Lapli a pral kouvri pifò eta avèk pi gwo lapli a k ap tonbe nan rejyon zòn sid Mid-Hudson Valley, Vil New York, ak Long Island lan yo epi ap gen nèt nan altitud ki pi elve nan Catskills ak Adirondacks yo. Na zòn sid eta a, yo prevwa gwo lapli k ap ant youn a de pous dlo nan ta lannwit la rive samdi apremidi, avèk de a twa pous k ap posib atravè zòn lès Long Island lan. Li pwobab pou gen gwo van ant 40 a 56 kilomèt alè epi rafal yo ap ant 64 ak 80 kilomèt alè ta aswè a rive samdi apremidi, pi gwo van yo ap nan Vil New York ak nan zòn kòt la yo, epi li posib pou gen rafal 97 kilomèt alè nan Twin Forks Long Island.

“Yo prevwa lapli, van ak potansyèl pou nèt ki nan wout pou wikenn lan epi mwen te bay ajans eta yo lòd pou yo prepare wout yo, anplwaye yo ak materyèl yo pou kondisyon ki evantyèlman danjre yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo asire ke yo prè pou kondisyon tan ivè a yo epi pou yo kòmanse prepare kay yo, machin yo ak biznis yo pou kèlkeswa sa Maman Lanati pote sou chemen nou.”

Yo prevwa yon tanpèt kotyè ki pral afekte eta a pandan wikenn lan, avèk pifò enpak yo k ap fèt nan vandredi swa rive samdi. Nan moman sa a, yo prevwa apeprè youn a yon pous edmi dlo lapli pou pifò rejyon nò ak nan zòn sid la ta lannwit lan rive samdi apremidi, avèk ant de a twa pous k ap posib atravè zòn lès Long Island lan. Yo prevwa nèt ap akimile nan mòn ki pi wo nan Adirondacks ak Catskills yo ki gendwa wè ant youn ak twa pous nèt epi li posib pou tras nèt yo ka ozanviwon yon pous. Yo prevwa van k ap

soti alès ki pral gen rafal ant 48 a 72 kilomèt alè pandan jounen samdi a, avèk rafal ki pi fò yo k ap pase nan tèren ki nan altitud pi elve Catskills ak Adirondacks la yo. Rejyon Long Island lan pral gen gwo lapli van pouse pandan vandredi ta nan aswè rive samdi apremidi atravè pifò rejyon an. Yo te pibliye yon avètisman pou gwo van vyolan nan zòn Konte Suffolk la pou van jiska 48 a 64 kilomèt alè epi rafal yo ap jiska 97 kilomèt alè pandan samdi apremidi atravè Twin Forks Long Island. Yo te pibliye alèt pou van pou kèk zòn Vil New York ak Konte Nassau yo pandan samdi apremidi pou van soti 32 a 48 kilomèt alè epi rafal yo ap jiska 80 kilomèt alè. Gwo van sa yo ka kase branch, pye bwa, ak fil kouran, epi yo prevwa ap gen blakawout epapiye. Li pwobab pou pi gwo van yo lakoz pwoblèm inondasyon kotyè pandan tan wo mare yo samdi apremidi, epi avètisman pou inondasyon kotyè yo an vigè pou Vil New York ak rejyon Long Island lan yo.

Sèvis Meteyo Nasyonal la (National Weather Service) ka pibliye siveyans ak avètisman pou meteyo adisyonèl toupaou atravè Eta New York la. Pou w kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak avètisman metewo yo, vizite [sit entènèt Sèvis Nasyonal Meteyo la](#).

Pou w resevwa avètisman ak notifikasyon sou move tan nan zòn ou an yo, enskri sou NY-Alert, ki se sistèm avètisman ijans gratis Eta New York la ki mande pou moun enskri a [isit la](#).

Preparasyon Rejyonal yo

Sou lòd Gouvènè a, Sant Operasyon Ijans Rejyonal (Regional Emergency Operations Centers) nan Konte Westchester ak Long Island lan yo pral aktive a 6 zè a.m. demen maten epi yo pral gen plizyè manm anplwaye Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Depatman Transpò a (Department of Transportation), Otorite Thruway (Thruway Authority), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service), Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation), Biwo Pak yo (Office of Parks), Lapolis Eta (State Police), MTA/Metro North, Long Island Rail Road, Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services), Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision), Depatman Sante a (Department of Health) ak Divizyon Zafè Militè ak Naval New York la (New York Division of Military and Naval Affairs) k ap jere operasyon yo. Anplis de sa, yo pral konplètman dote rezèv ijans rejyonal eta a ak anplwaye rejyon Mid-Hudson Valley, Vil New York ak Long Island kòmanse demen maten. Yo pral deplwaye karantuit anplwaye Depatman Transpò a k ap soti nan diferan rejyon atravè Eta New York la pou al nan Long Island ak nan Mid-Hudson Valley, epi yo pral ranfòse rejyon sa yo avèk de ekip rachè k ap gen 14 moun, de ekip pou travay nan pye bwa yo k ap gen sis moun, ak de ekip pou limyè sikilasyon yo k ap gen kat moun.

Preparasyon Onivo Eta a yo

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo te an kontak ak Direktè Ijans toupatou nan eta a yo, epi Sant Siveyans Eta a ap siveye pou nenpòt enpak potansyèl. Anplis de

sa, yo pral aktive Sant Operasyon Ijans Eta a 6 zè a.m. demen epi yo pral dote l ak anplwaye OEM yo pou yo siveye enpak tanpèt la toupatou atravè eta a.

10 rezèv antrepo rejyonal nan Eta a yo totalman prepare, epi atou yo pare pou deplwaye yo gen ladan:

- Anviwon 700 jeneratris
- Plis pase 240 fa limyè
- Prèske 1,300 ponp
- Plis pase 2 milyon sak sab
- 19 machin pou ranpli sak sab
- Plis pase 400,000 boutèy ak sachè dlo
- Plis pase 27,500 pla ki pare pou moun manje
- 9,610 manto
- 12,340 dra ak 13,613 zòrye
- Baraj akwatik (Aqua Dam) ki mezire 6,771 pye

Depatman Transpò

Depatman Transpò Eta a prè pou yo reponn a nenpòt enpak tanpèt la ta genyen avèk 1,489 gwo baskil, 17 nivelez, 321 chajè, 168 chasnèj ki gen kapasite mwayèn, 12 kamyon pikòp ki gen chasnèj, 38 siflèz nèj, 46 charyoremòkaj ak 32 semiremòk, epi yo pral travay 24 è sou 24 7 jou sou 7 pou asire sekirite piblik vwayajè yo. Anplis de sa, Depatman an gen 78 rachè, 15 kamyon nasèl ak 51 kamyon siyalizasyon ki disponib pou rezoud nenpòt pwoblèm pye bwa ak limyè sikilasyon gwo van vyolan grand vitès yo gendwa lakoz.

Nan kèk zòn, pami yo Mid-Hudson Valley ak Long Island, yo prevwa ap gen anpil gwo lapli, ekip yo ap netwaye debri ki bare antre drenaj yo ak kanivo yo pandan y ap prepare kamyon chasnèj yo pou kontwòle nèj ak glas.

Y'ap raple vwayajè yo pou yo verifye 511NY lè yo rele 511 oubyen ale sou <http://www.511ny.org> avan yo soti. Sèvis gratis sa pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo ak enfòmasyon sou transpò. Itilizatè mobil yo ka telechaje dènye aplikasyon mobil 511NY la gratis sou iTunes oswa Google Play.

Anplis de sa a, Depatman gen 11 Sant Jesyon Sikilasyon ki sitiye nan kat kwen eta a pou siveye kondisyon meteyo ak kondisyon wout yo, operasyon remòkaj yo ak nèj ak kontra kontwòl glas adisyonèl la yo prè pou deplwaman jan sa nesesè. Yon grand kantite anplwaye - ki gen ladan 3,500 operatè ak sipèvizè - disponib pou yo deplwaye al toupatou atravè eta jan sa nesesè.

Anplis de sa a, Depatman an genyen Pano Mesaj Varyab (Variable Message Signs) pou avèti otomobilis yo sou kondisyon sikilasyon danjre yo oswa sou nenpòt avètisman meteyo ke Sèvis Nasyonal Meteyo a prevwa pou nenpòt zòn jewografik nan eta a.

Otorite Thruway

Otorite Thruway a ap ankouraje otomobilis yo pou yo pran prekosyon lè y ap kondi pandan move tan. Ekip antretyen yo ap siveye previzyon yo epi yo rete prè pou yo reponn jan sa nesesè. Ekip yo ap aktivman enspekte sistèm ak ekipman drenaj yo epi y

ap siveye zòn pwoblematik yo pou inondasyon potansyèl. Yo ap itilize Pano Mesaj Varyab, Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyo yo pou avèti otomobilis yo sou avètisman ak alèt kondisyon move tan yo.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl TRANSalert k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a isit la. Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan [@ThruwayTraffic](https://twitter.com/ThruwayTraffic) oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Sèvis Piblik

Konpayi sèvis piblik New York yo gen yon baz deja ki gen 4,300 travayè ki disponib pou efò retablisman yo, jan sa nesèsè. Konpayi sèvis piblik yo sou alèt epi y ap siveye depre pandan tanpèt la ap devlope, epi yo pral deplwaye ekip retablisman yo kote yo bezwen yo. Pèsonèl nan Depatman an pral kontiye sipèvize efò sèvis piblik yo pandan evènman tanpèt la.

Men ti konsèy sekirite Gouvènè Cuomo ofri tou pou moun k ap prepare pou vwayaj potansyèl pandan sezon ivè a:

Planifye Davans Lè W ap Vwayaje

Koz prensipal lanmò ak blese pandan tanpèt ivènal yo se aksidan transpò yo, kidonk asire ou ke veyikil ou an prepare kounye a pou kapab ede asire ke veyikil ou an nan bon kondisyon fonksyonman lè ou bezwen li plis.

Anvan ou kondui:

- Bay tèt ou plis tan pou rive kote ou prale a. Asire w ke machin ou gen materyèl dijans tankou lenn, yon pèl, flach ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè wap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.
- Asire w ke yon moun konnen plan vwayaj ou.
- Enstale bon kawotchou nèj. Asire ke kawotchou yo gen ase semèl. Tout tanperati radyal yo jeneralman adekwat pou pifò kondisyon ivè. Ou ka vle tou gen yon pè chèn pou kawotchou nan machin ou pou lè gen gwo nèj.
- Kenbe yon gratwa pabriz ak yon ti bale disponib pou retire glas ak nèj.
- Finalman, planifye vwayaj long yo ak anpil prekosyon. Koute rapò medya lokal yo oswa rele ajans sekirite piblik yo pou dènye enfòmasyon sou kondisyon wout yo.

Pandan w ap kondui:

- Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.
- Kite machin ou lwen glas ak lanèj - bon vizyon enpòtan pou kondui byen.
- Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo.

Prepare pou Pàn Kouran

Moun New York ta dwe voye je sou zanmi, fanmi ak vwazen, espesyalman ti granmoun. Pàn kouran yo ka afekte kapasite pou moun chofo kay yo.

Gouvènè a ap ofri konsèy sekirite adisyonèl sa yo:

- Lakay oswa nan travay, kenbe yon radio a pil ak yon flach sou plas, ansanm ak apwovizyonman pil. Kenbe yon apwovizyonman dlo, medikaman, ak manje ki pa gate rapid yo prè sou plas. Si w itilize medikaman ki mande pou w mete yo nan frijidè, pifò ladan yo ka rete nan yon frijidè ki fèmen san pwoblèm - mande doktè w oswa famasyon w lan.
- Asire w gen yon metòd rechaj altènatif pou telefòn ou oswa nenpòt aparèy ki itilize kouran. Chaje telefòn ou yo oswa nenpòt aparèy ki mache ak pil.
- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite espas yon pous andedan yo chak, sa pral ede kenbe manje yo frèt si pa ta gen kouran.

Si Ou Nan Blakawout

- Rele konpayi itilite w la pou w fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite yo, vizite Depatman Sèvis Piblik Eta New York la. Tyeke pou wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofo kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè w mete plizyè kouch rad epi minimize tan w pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si w vin gen sentòm sa yo.

Apre yon Entèripsyon Kouran

- Voye jete kelkeswa manje ki te ekspozè a tanperati 40° F (4°C) pou de ze edtan oubyen plis, or oubyen ki gen yon sant, koule, aparans etranj. “Lè nou pa si, jete manje a!”
- Si manje ki nan frizè yo pi frèt pase 40° F epi yo gen kristal glas sou yo, ou kapab retounen konjele yo ankò.
- Si ou enkyè akoz medikaman yo ki ka gate, kontakte doktè w la.
- Reyapwovizyone twousò ijans ou ak pil nèf, manje ki nan kanèt ak lòt pwovizyon yo.

Pou w jwenn yon lis konplè kondisyon meteyo ak lide pou preparasyon anvan pandan ak apre yon inondasyon, ale nan sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo sou www.dhses.ny.gov/oem/safety-info/flood/floodprepare.cfm.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)